

UGWAYE COVID-19? URAKENEYE GUFASHWA?



Ndakeneye
gupimwa
COVID-19?



Ipimishe!



Nsanze
ngwaye naho
vyogenda
gute?

- Woba waregereye umurwayi wa COVID-19?
- Urafise ibimenyetso vy'iyi ngwara?
- Raba intumbero ngenderwako zo muri Leta ya Maine kuri internet
<https://www.maine.gov/covid19/restartingmaine/keepmainehealthy/testing>

Ibuka kwama wirinda! Ambara agapfukamunwa, usigaze ikirere hagati yawe n'abandi, no gukaraba iminwe canke ukoreshe umuti wica imigera ku minwe

- Ipimishe mu kibanza bipimisha canke kwa muganga
- Utegerezwa kwiyugarana canke wiherereye gushika uronse inyishu z'ibipimo
- Nimba ukeneye gufashwa kugira ugume muhira, saba urukaratasi rukurungika ku kigo c'Ikibano citaho ibiraba Seruvise Zo gufashanya Mu Kibano
- Ikibanza co kwipimisha kizoguhamagara canke kikurungikire ubutumwa ku vyerekeye inyishu z'ibipimo

- Ikigo kijejwe kurwanya no kurinda ingwara ca Maine kizoguhamara kandi kikubaze:
 - Aho wandukirijwe?
 - Urafise ibimenyetso vy'iyi ngwara?
 - Abo mumaze kwegerana?
- Bazohamagara abantu mwegeranye kugira bamenye nimba bafise ibimenyetso vy'iyi ngwara kandi bihweze nimba bakeneye kujanwa mu mwiherero canke kwiyugarana.
- Utegerezwa kwiyugurana, Ikigo kijejwe kurwanya no kurinda ingwara ca Maine kizokubwira umwanya uzomara
- Barashobora kugufasha gushikira Ikibano citaho ibiraba Seruvise zo



Ikigo c'Ikibano
citaho ibiraba
Seruvise zo
Gufashanya mu
Kibano

Ushobora kubaza umurongozi w'ikibano aho uba, umuganga, uwutanga uburyo bwo kuvurwa, umukozi ajejwe ibikorwa vy'ukubaho neza, umuforoma wo kw'ishuri, CANKE Ikigo Kijejwe Kurwanya no Kurinda Ingwara ca Maine kugira bagufashe kwiyugarana canke kuja mu mwiherero.

Koresha iyi email DHHS.covidsocialsupport@maine.gov canke urukaratasi rurungikwa ku ngurukanabumenyi kuri(<https://www.maine.gov/dhhs/form/covid-19-referral-form>)



IKIBANO CITAHO IBIRABA SERUVISE ZO GUFASHANYA MU KIBANO KUVYA COVID-19



Ni iki Ikibano
citaho ibiraba
Seruvise zo
gufashanya mu
kibano?

Ikibano citaho ibiraba Seruvise zo gufashanya mu kibano ni ama seruvise aboneka ku muntu wese akeneye uwumufasha kwikumira canke kwiyugarana. Seruvise zitangwa n'ikibano caho uba kandi zirimwo:

- Imfungurwa (ivyo gusuma/indya zitetse/imfungurwa zikurungikirwa zivuye hanze)
- Seruvise z'uguhuza imico no gusobanura indimi
- Gukingira amagara no kurungikwa kwa muganga
- Kwunguruzwa ku bigo bapimiramwo, amavuriro naho batanga indaro
- Kugutorera utuntu nutundi hamwe n'imiti
- Seruvise zijanye n'amagara yo mu mutwe
- Aho uba/uhawe indaro hari umutekano mu gihe wiyuguranye canke uri mu mwiherero
- Uburyo bwo kuronka ama seruvise afasha yandi



Ni ryari
bashobora
kunfasha?

- Ufise ibimenyetso vya COVID-19 CANKE
- Urarindiriye inyishu ku bipimo vyakozwe CANKE
- Baragutoye ko urwaye COVID-19 CANKE
- Waregeranye n'umuntu agwaye COVID-19



Nshobora
kuronka gute izi
seruvise?

- Umurongozi w'ikibano aho uba, umuganga, uwutanga uburyo bwo kuvurwa, umukozi ajejwe ibikorwa vy'ukubaho neza, umuforoma wo kw'ishuri, CANKE Ikigo kijejwe kurwanya ingwara co muri Leta ya Maine bashobora kukurungikayo kugira bagufashe
- Utanze uruhusha, barashobora kurungika ubutumwa ku rukaratasi usanga ku ngurukabumenyi (<https://www.maine.gov/dhhs/form/covid-19-referral-form>)

Koresha iyi email DHHS.covidsocialsupport@maine.gov canke urukaratasi rurungikwa ku ngurukanabumenyi kuri(<https://www.maine.gov/dhhs/form/covid-19-referral-form>)

